Khutbah Idul Adha 1440 H

Edisi Bahasa Jawa

Medhar Maknanipun Qurban,

Ngalap Tulodho Nabi Ibrahim AS

Oleh :

Lajnah Dakwah Nahdlatul Ulama' (LDNU)

Lembaga Takmir Masjid NU (LTMNU)

PCNU Kabupaten Magelang

Jl. Magelang-Jogja Palbapang

Mungkid Magelang Jawa Tengah

NULADHANI KESAENAN NABIYULLOH NABI IBRAHIM AS

KHUTBAH I

اللهُ أَكْبَرْ (٣×) اللهُ أَكْبَرْ (٣×) اللهُ أَكبَرْ (٣×)

اللهُ أَكْبَرْ كَبِيْرًا وَالحَمْدُ لِلّٰهِ بُكْرَةً وَأَصِيْلاً، لَاإِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ، صَدَقَ وَعْدَهُ وَنَصَرَ عَبْدَهُ وَأَعَزَّ جُنْدَهُ وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ وَحْدَهُ، لاَإِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَاللهُ أَكْبَرُ، اَللهُ أَكْبَرُ وَلِلّٰهِ اْلحَمْدُ .الحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْ خَلَقَ الزَّمَانَ وَفَضَّلَ بَعْضَهُ عَلَى بَعْضٍ فَخَصَّ بَعْضُ الشُّهُوْرِ وَالأَيَّامِ وَاللَيَالِي بِمَزَايَا وَفَضَائِلَ يُعَظَّمُ فِيْهَا الأَجْرُ والحَسَنَاتُ. أَشْهَدُ أَنْ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيْكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ الدَّاعِى بِقَوْلِهِ وَفِعْلِهِ إِلَى الرَّشَادِ. اللّهُمَّ صَلّ وسَلِّمْ على عَبْدِكَ وَرَسُوْلِكَ مُحَمّدٍ وِعَلَى آلِه وأَصْحَابِهِ هُدَاةِ الأَنَامِ فِي أَنْحَاءِ البِلاَدِ. أمَّا بعْدُ، فيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللهَ تَعالَى بِفِعْلِ الطَّاعَاتِ فَقَدْ قَالَ اللهُ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيْمِ: إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ. فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ. إِنَّ شَانِئَكَ هُوَ الْأَبْتَرُ

Hadirin Jama'ah Idul Adha ingkang Minulyo,

Alhamdulillah enjang puniko kito saget makempal manunggal kanthi ngetingalaken raos bingah, ngelahiraken raos syukur nampi nikmat peparingipun gusti Alloh SWT, katitik kito tesih dipun paringi kalodhangan waget ngraosaken ni'mat endahipun sinar surya, asrepipun howo enjang sesarengan nglantunaken takbir, tahmid, tahlil minongko pratondho bilih dinten puniko kito sesarengan nindaaken ibadah sholat riyoyo qurban, minongko sarono *taqqarrub* dhateng Alloh Dzat Ingkang Moho Suci.

Murwakaning atur lewat mimbar khutbah puniko, tan kendhat kulo ngajak dhateng pribadi kulo tuwin poro sederek sedoyo, monggo sesarengan tansah ningkataken anggenipun ajrih dhumateng Alloh SWT kanthi ingkang saestu. Kanthi bekal iman lan taqwa kito niataken ing penggalih milai dinten meniko minongko ngawiti lampah pagesangan ingkang langkung sae mendhet hikmah saking kisah kesabaran lan ketabahanipun nabiyulloh Ibrahim AS.

Hadirin Jama'ah Idul Adha ingkang Minulyo,

Idul Adha ingkang kito adani ing tahun puniko, kaleres sesarengan kaliyan prengetan HUT Kemerdekaan RI kaping 74. Artosipun, ing wulan meniko wonten kalih prastawa ageng magayutan kaliyan sejarah umat Islam ing negari Indonesia. Kalih prastawa ingkang mengku sejarah puniko minongko pepeling kagem kito umat Islam ngengingi pentingipun nilai pengorbanan kagem lampah *ikhtiyar* ngisi kamardikan anggayuh kemajengan, kemandirian, kejayaan lan suksesipun pagesangan.

Ma'asyiral Muslimin rohimakumulloh,

Idul Adha ingkang dipun pengeti saben suryo 10 wulan dzulhijjah punika saget dipun wastani kanti sebatan Idul Hajj lan Idun Nahr. Kawastanan Idul Hajj utawi Riyoyo Haji amargi magepokan kalian kaum muslimin ingkang sami nindaaken ibadah haji, rukun Islam ingkang kaping gangsal. Ibadah haji menika salah setunggalipun ibadah ingkang agung sanget minangka anugerah peparingipun Alloh SWT.

Ananging temtu mboten sedaya umat muslim saget nggayuh kranten pinten-pinten sebab. Katah tiang ingkang kacukupan sangu, sehat fisik lan rohani, nanging mboten estu-estu niat tindak haji sahingga mboten saget mireng pengundang-undangipun Gusti Alloh. Kosok wangsulipun, mboten sekedik umat muslim ingkang niat lan kepengen sanget saget nindaaken haji ananging wontenipun alangan awit mboten mampu sangunipun, utawi saweg nandang gerah sahingga mboten saget nindaaken ibadah haji.

Ma'asyirol Muslimin rohimakumulloh..

Idul Adha kasebat ugi Idun Nahr artosipun dinten riyoyo sembelihan (Hari raya Kurban-*Ind*.). Perkawis menika kagem sarono mengeti ujian awrat ingkang dipun alami dening Nabiyulloh Ibrahim As. Kanthi kesabaran ugi ketabahan Nabi Ibrahim ingdalem ngadepi mapinten-pinten ujian tuwin pacoben nglantarakan panjenenganipun nampi pahurmatan minongko dados *"Kholilulloh"* (kekasih Alloh).

Kanthi mengeti kisahipun Nabi Ibrahim sarto keluarga, saget kita mangertosi conto keluarga teladan ingdalem babakan tho'atipun makhluq dumateng Kholiq. Nabi Ibrahim dipun uji mboten anggadahi putro ngantos dangu sanget. Salajeng saksampunipun ingkang putro lahir, Nabi Ibrahim dipun dhawuhi Alloh kapurih nilaraken garwo kinasih lan kang putro ingkang tasih bayi wonten satunggalipun padhang pasir ingkang tandus.

Nalika igkang putro radi ageng, Nabi Ibrahim dipun uji malih supados ngorbanaken lan nyerahaken ingkang putro dateng Gusti Alloh SWT. Minangka Nabi, Ibrahim tetep anggadahi sifat kados manungso biasanipun, wonten ing sak lebetipun manah ugi sempat anggadahi raos ragu badhe nindaaken dhawuhipun Alloh menika, ananging wonten wekdal makaten garwo lan putro tansah anjurung paring dukungan tuwin kemantepan kagem nglampahi keputusanipun Alloh. Ing babagan menikolah peran pentingipun keluargo sholih, inggih meniko waget nuwuhaken raos gumregah lan semangat nindaaken dhawuh-dhawuhipun Alloh SWT.

Nabi Ibrahim soho keluargo yektos paring tulodho sae kagem kito sedoyo, menawi kito kepingin anggadahi putro ingkang sholih, mailo tiyang sepahipun kedah ngelampahi lan maringi tulodho kesaenan langkung rumiyin. Hasil didikan ingkang kados mekaten *insyaAlloh* waged ndadosaken tabungan tiang sepah mbenjang wonten akhirat.

Saking Abu Hurairah *radhiyallohu 'anhu*, Rasulullah *Shallallohu 'alaihi wa sallam* ngendika :

إِذَا مَاتَ الْإِنْسَانُ انْقَطَعَ عَمَلُهُ إِلَّا مِنْ ثَلَاثَةٍ : مِنْ صَدَقَةٍ جَارِيَةٍ، وَعِلْمٍ يُنْتَفَعُ بِهِ، وَوَلَدٍ صَالِحٍ يَدْعُو لَهُ.

"Naliko setunggalipun tiyang mukmin sedo, kaputus sedaya 'amalipun kejawi tigang perkawis : sedekah jariyah, ilmu ingkang dipun manfaataken, lan dungo saking anak sholih." (HR. Muslim no. 1631).

Kanthi adedasar dhawuh puniko kito waget mendhet hikmahipun, utaminipun ngengingi babagan pentingipun anggadhahi keturunan putro ingkang sholih. Kanthi nilaraken keturunan ingkang sholih, ingkang purun ndungaaken dhateng tiyang sepuh kekalihipun, menika temtu saget nambahi ganjaran ingkang lumintu kagem tiang sepahipun. Pramila selaaku tiyang sepuh, sampun ngantos nglirwaaken putro-putri kita nyemplung wonten pagesangan lan pergaulan bebas ingkang tebih saking agami, namung nuruti kesenangan howo nefsunipun.

Salah setunggalipun riwayat, wonten bapak-bapak ingkang sowan dumateng Amirul Mukminin, Umar bin Khaththab ra, madulaken putranipun ingkang duroko. Piyambakipun matur menawi putranipun asring ngucap lan tumindak kasar dhumateng tiyang sepahipun. Salajeng Sayyidina Umar nimbali putro kasebat lan paring duko.

"Ciloko kowe, opo kowe ora ngerteni yen duroko marang wong tuwo iku termasuk dosa gede lan ngundang murka saking Alloh?"

"Nuwun sewu, Amiral Mukminin, ampun keseso ngadili kulo. Menawi bapak anggadhahi hak dhumateng putro, putro lha nggih gadhah hak ugi dhumateng bapak?" si anak tanglet makaten.

"iyo bener, anak ugo nduwe hak"
"lajeng punopo hak anak dhateng bapak?"

“hak anak maring bapak ono telu. Siji, sayugjane bapak milih calon ibu kang apik kanggo calon anake, kapindo, bapak kudune maringi asmo kang apik kanggo anake, telu, bapak kewajiban ngajari Al-Qur’an (lan isine) kanggo anakke”.

Lajeng putro meniko matur: *“Duh Amiral mukminin, bapak kulo mboten maringi hak-ipun dhumateng kulo. Piyambake mboten milih ibu ingkang sae kagem kulo, ibu kulo inggih budak awon kulit hitam ingkang ditumbas regi kalih dirham saking pasar, lajeng dipun kumpuli hinggo ngandhut kulo. Sak sampune kulo dipun lahiraken, bapak kulo maringi asma Ju’al (si hitam ingkang awon praupanipun). Bapak kulo ugi mboten nate ngajari kulo maos lan ngapalaken Al-Qur’an senajan setunggal ayat”.*

Salajeng Sayyidina Umar noleh dhumateng si bapak, nuli ngendikan : *“Sliramu wes duroko marang anakmu sakdurunge anakmu duroko marang sliramu. Wes ngaliho seko kene”.*

Pramila penting sanget kagem tiyang sepah, usaha ningkataken amal sholih supados angggadahi keturunan ingkang sholih. Ngupadi gesang kanthi pados rizqi ingkang halal, dermawan dhumateng sesami umat Islam.

Garwo lan putro ingkang sholih menika temtu mboten mligi peparing saking gusti Alloh. Sebab Alloh sampun maringi kasempatan dhateng kawulanipun murih usaha lan ndedungo supados pinaringan keluargo lan keturunan ingkang sholih. Katurunan ingkang sholih mboten saget kacithak saking bangku pendidikan sekolah/madrasah kemawon, ananging pendidikan ingkang langkung utami lan langkung awrat inggih menika wonten ing lingkungan keluarga lan madyaning pagesangan masyarakat.

Dungo panyuwun saking tiyang sepah kekalih temtu wonten labetipun kagem putro. Pramilo, kanthi prastowo dinten riyoyo qurban puniko, mugi-mugi kito saget nuladani keluargo Nabi

Ibrahim As, ugi kito kagolongaken ewonipun tiyang-tiyang sholih lan keparingan keluargo ingkang sholih, *aamiin allohumma aamiin.*

Jamaah Idul Adha rohimakumulloh..

Magayutan kaliyan ibadah kurban lan sembelihan meniko, kito ugi saget mendhet hikmah ageng saking kasabaran lan katabahanipun Nabiyulloh Ibrohim As nampi lan nglampahi dhawuhipun Alloh SWT. Pramilo kagem anggayuh kekajengan tuwin cita-cita punopo kemawon kito kedah berjuang, lan perjuangan mbetahaken pengorbanan, wantun berjuang berarti kedah wantun berkorban.

Kanthi sarono nyadhong rohmat lan ridlanipun Alloh SWT, mugi-mugi riyoyo Idul Adha ing tahun meniko ingkang kaleres sesarengan mengeti HUT Kemerdekaan RI ingkang kaping 74 puniko, saget nuwuhaken kesadaran kito selaku umat Islam tumuju gumregahipun semangat berkorban kagem anggayuh keluhuranipun agami, nuso bongso lan negoro, sehinggo kawujud cita-cita luhur pendiri bangsa, nuninggih : *"Baldatun thoyyibatun warobbun ghofuur". Aamiin 3x yaa robbal 'aalamiin.*

بَارَكَ اللهُ لِي وَلَكُمْ فِى اْلقُرْآنِ اْلعَظِيْمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِنْ الآيَاتِ وَذِكْرِ الْحَكِيْمِ وَتَقَبَّلَ اللهُ مِنَّا وَمِنْكُمْ تِلاَوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيْعُ العَلِيْمُ، أَقُوْلُ قَوْلِي هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللهَ العَظِيْمَ، إِنَّهُ هُوَ الغَفُوْرُ الرَّحِيْم.

KHUTBAH II

اللهُ اَكْبَرْ (٣×) اللهُ اَكْبَرْ (٤×) اللهُ اَكْبَرْ كَبِيْرًا وَالْحَمْدُ للهِ كَثِيْرًا وَسُبْحَانَ اللهِ بُكْرَةً وَ أَصِيْلاً، لاَ اِلَهَ اِلاَّ اللهُ وَاللهُ اَكْبَرْ، اللهُ اَكْبَرُ وَللهِ الْحَمْدُ.

أَلْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيْرًا كَمَا أَمَرَ. أَشْهَدُ أَنْ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وَحْدَهُ لاَ شَرِيْكَ لَهُ إِرْغَامًا لِمَنْ جَحَدَ بِهِ وَكَفَرَ. وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ سَيِّدُ الإِنْسِ وَالْبَشَرِ. أَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَلِهِ وَصَحْبِهِ مَا اتَّصَلَتْ عَيْنٌ بِنَظَرٍ وَأُذُنٌ بِخَبَرٍ.

أَمَّا بَعْدُ : فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ، إِتَّقُوْا اللهَ تَعَالَي وَذَرُوْ الْفَوَاحِشَ مَاظَهَرَ وَمَا بَطَنَ، وَحَافِظُوْا عَلَى الطَّاعَةِ وَحُضُوْرِ الْعِيْدِ وَالْجَمَاعَةِ. وَاعْلَمُوْا أَنَّ اللهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيْهِ بِنَفْسِهِ وَثَنَّى بِمَلاَئِكَتِهِ بِقُدْسِهِ. فَقَالَ تَعَالَى وَلَمْ يَزَلْ قَائِلاً عَلِيْمًا : إِنَّ اللهَ وَمَلاَئِكَتَهُ يُصَلُّوْنَ عَلَى النَّبِيِّ، يَآأَيُّهَا الَّذِيْنَ أَمَنُوْا صَلُّوْ عَلَيْهِ وَسَلِّمُوْا تَسْلِيْمًا. اللهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِناَ مُحَمَّدٍ وَعَلَى اَنْبِيآئِكَ وَرُسُلِكَ وَمَلآئِكَةِ الْمُقَرَّبِيْنَ وَارْضَ عَنَّا مَعَهُمْ بِرَحْمَتِكَ يَا اَرْحَمَ الرَّاحِمِيْنَ.

أَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ. أَللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْغَلاَءَ وَالْوَبَاءَ وَالْمِحَنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَنْ بَلَدِنَا هَذَا خَاصَّةً وَعِنْ سَائِرِ بِلاَدِ الْمُسْلِمِيْنَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِيْنَ. رَبَّنَا أَتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْأَخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

عِبَادَ اللهِ، إِنَّ اللهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالإِحْسَانِ وَإِيْتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ، فَاذْكُرُوْا اللهَ الْعَظِيْمَ يَذْكُرْكُمْ، وَاشْكُرُوْهُ عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ، وَلَذِكْرُاللهِ أَكْبَرُ.